**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Средняя общеобразовательная школа №1 им. А.Коцоева с. Гизель» МО-Пригородный район**

Рассмотрено:
на заседании МО
Протокол № 1
« 5 » сентября 2017 г.
Руководитель МО _Л.Т.Баширова

Согласовано:
Зам. директора по УВР
_________ Ф.М.Яхъяева
« 7 » 09 2017 г.

Утверждаю:
Директор МБОУ СОШ №1
_________ О.Г.Кундухова
« __ » 09 _________ 2017 г

**Рабочая программа по родной литературе**

**Класс :** *7*
**Учитель :** ***Л.Т.Баширова***
**Количество часов** ***: всего – 68; в неделю – 2 часа***
**Из них по развитию речи: 6** ***часов***

7-æм къласы ирон литературæйы кусæн программæ цæттæгонд æрцыд Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ. Программæ арæзт у Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæты бындурыл (сфидар сæ кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад, Дзæуджыхъæу, 2012).

**Ирон литературæ: хрестамати, 7 къласс. Автортæ: Гæздæнты А., Дзапарты З. Дзæуджыхъæу. «ИР» 2014.**

**Æмбарынгæнæн фыстæг.**

Кусæн программæ ирон литературæйæ 7-класæн арæзт у иумæйаг æмæ профессионалон паддзахадон ахуырады министрады стандарты бындурыл.

Адæмы монон царды кæддæриддæр стыр ахадындзинад уыдис фольклор æмæ аив литературæйæн. Уыдоны нывæфтыд æрцыд сæ цард, сæ историйы ахсджиагдæр цаутæ, сæ зонадон фæлтæрддзинад. Уыдоны ис зонды суадон, ныхасы фидауц æмæ бæрзонд идейæтæ. Дзырдаивадæн йæ нысаниуæг фæбæрзонддæр ис нæ рæстæджы. Уый рæзгæ фæлтæры хъомыл кæны гуманизм æмæ граждайнаг идеалтыл, фидар кæны адæмы удварн, уымæй рæзынц монон æмæ культурон традицитæ. Уымæ гæсгæ скъолайы куысты ахъаззагдæр у литературæ ахуыр кæнын.

Ног технологийы методтæм гæсгæ сæйрагдæр у универсалон ахуырадон архайды фæрцы скъоладзауы миддуне хъæздыгдæр кæнын. Йæ бындурон педагогон хæс – скъоладзауы архайдæн уавæртæ саразын. Ног домæнты сæйраг фæрстытæ сты : ахуырады мидис ног кæнын (цæуыл ахуыр кæнæм); ахуырадон нысантæ ( цæмæн ахуыр кæнæм), ахуырады ифтонгдзинад ( куыд ахуыр кæнæм).

Ахуыртæм системон – архайдон цæстæй кæсыны технологи амоны:

- скъоладзаутæм зонындзинæдтæ райсынмæ, хиуыл кусынмæ тырнындзинад гуырын кæнын;
- скъоладзау хъуамæ хорз æмбара, цæуыл æй ахуыр кæнынц ацы урочы æмæ йæ кæм бахъæудзысты ацы зонындзинæдтæ;
- ахуырдзау хъуамæ йæ зонындзинæдтæй хъуыды кæнгæйæ пайда кæнынмæ арæхса;

- хъуамæ арæхса йæ архæйдтытæн аргъ кæнынмæ, йæ куысты фæстиуджытæ бахынцынмæ, йæ зонындзинæдтæй бахъуаджы рæстæг спайда кæнынмæ;
- скъоладзаумæ ахуырты активон уæвынмæ разæнгарддзинад гуырын кæнын;
- ахуыртæ аразын сывæллæтты填 кармæ гæсгæ, сæ индивидуалон, психологон æмæ физиологон хицæндзинæдтæм гæсгæ.

Архайды технологийы бындурыл арæзт уроктæ сæ нысанмæ гæсгæ дих кæнынц 4 къордыл:

1. *Ног зонындзинæдтæ амоныны урок*

*Архайдон нысан*: скъоладзауты, ног зонындзинæдтæ райсынæн ахъаз чи уа, ахæм мадзæлттæ хибарæй агурынил фæцалх кæнын.

*Ахуырадон нысан:* Скъоладзауты зонындзинæдтæ фылдар кæнын, ног элементтæ сæм æфтаугæйæ.

2. *Урок рефлекси*

*Архайдон нысан:* Рацыд æрмæгæй пайда кангайæ, скъоладзауты ахуыр кæнын хатдзæгтæ кæнын, къулымпыдзинæдтæ кæм аййæфтой, уыцы бынæттæн анализ кæнын, сæ рæдыдтытæ раст кæнын.

*Ахуырадон нысан*: темæйыл кусгæйæ, цы мадзæлттай пайда кодтой, уыдоны коррекции æмæ тренинг.

3. *Зонындзинæдтæ иу уагмæ æркæныны урок*

*Архайдон нысан:* ахуырадон предметы мидис иу система кæнын.

*Ахуырадон нысан*:ахуырадон æрмæг иу уагмæ æркæнын.

4.*Хи æмæ искæй архæйдтытæм хъус дарынил фæцалх канын.*

*Архайдон нысан:* Скъоладзауты урочы хи æмæ искæй архайдмæ хъус дарынил фæцалх кæнан.

*Ахуырадон нысан*: Скъоладзауты фæцалх канын, рацыд æрмæгæй æмбаргæйæ пайда кæнынмæ куыд арæхсынц, уымæ хъус дарыныл.

Ахуырдзаутæ хъуамæ зоной æмæ арæхсой:

- геройы зæрдæйы уаг æмæ æнкъарæнтæ куыд æмæ цæй руаджы æвдыст цæуынц ( æддаг бакаст, йæ архайд, йæ лæуд, йæ бадт, йæ уæнгты змæлд, йæ уавæр, йæ хъуыдытæ), уый бацамонын; цы скъуыддзæгты (эпизодты) æвдыст цæуынц, уыдонæн сæ райдиан æмæ сæ кæрон сбæрæг кæнын;
- авторы ахаст комкоммæ æвдыст кæм ис, тексты уыцы бынæттæ ссарын; фыссæг сæ цæй руаджы равдыста, уый бацамонын.
- Текст хицæн скъуыддзæгтыл (эризодтыл) дих кæнын, алы эпизодæн дæр йæ сæйраг хъуыды зæгъын;
- аив касты руаджы геройы зæрдæйы уаг, йæ уавæр равдисын;
- геройы тыххæй сæхи хъуыдытæ зæгъынмæ арæхсын.

Ранымад куысты хуызтæм гæсгæ, уацмысы текстæй раст пайда кæнгæйæ, скъоладзаутæ ахуыр кæндзысты хъайтарæн характеристикæ дæттыныл, цыбыр нывæцæнтæ (сочиненитæ) фыссыныл, хибарæй кусынын.

## 7-æм къласы Ирон литературæйы Кусæн программæйы структурæ

7-æм къласы ирон литературæйы Кусæн программæ арæзт у системондзинад æмæ наукондзинады принциптыл.

Программæйы бæрæггонд цæуынц, литературæйы теорийæ ахуырдзаутæ хъуамæ цы ног зонындзинæдтæ райсой, уыдон.

Æрмæджы равæрды хынцгонд æрцыдысты скъоладзауты кары хицæндзинæдтæ дæр.

Программæйы бæрæггонд æрцыд ахуыры азы сахæтты нымæц, алы темæйæн дæр дзы цас лæвæрд цæуы, уый.

Программæйы сæйрагдæрыл нымад цæуы коммуникативон компетенцитæ (арæхстдзинæдтæ), культурæамонынады (культуроведческая) компетенци рæзын кæнын.

Коммуникативон компетенци (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци – ирон литературæ ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; литературæйы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ, ирон ныхасы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

***Иумæйагæй ахуырадон предмет «Ирон литературæ»-йы сæйраг хæстæ сты:***

- литературон уацмысты бындурыл хъомыладон куыст кæнын;
- логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын хиуыл кусыныл, ирон литературæ хибарæй ахуыр кæныныл;
- иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон.

***Предметы хицæндзинад:***

Ирон литературæ у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон литературæ у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Литературæ канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, литературæ у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон литературæйы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад:

Ирон литературæ у ахуырадон хай «Филологи»-йы къабæзтæй иу, æнгом баст у ахуырадон предмет «Ирон æвзаг»-имæ. Ирон литературæ у скъоладзауты дзырдуат хъæздыг кæныны мадзал, сæ ныхасы културæ, иумæйагæй коммуникативон арæхстдзинæдтæ рæзын кæныны фæрæз.

Ирон литературæйы фæрцы ахуырдзаутæ хуыздæр банкъардзысты дзырды эстетикон функци, фæцалх уыдзысты, хъуыдытæ æргом кæнынæн бæлвырд дзырдтæ ссарынмæ.

Программæмæ гæсгæ скъоладзаутæ базонгæ уыдзысты канд фольклорон æмæ литературон уацмыстимæ нæ, фæлæ ма литературæйы теорийы хицæн æмбарынæдтимæ дæр.

Ирон литературæ хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; ирон литературæйы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты адæмон сфæлдыстадимæ, ирон литературæйы хуыздæр уацмыстимæ.

Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:

- скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
- проблемон ахуыртæ;
- информацион-коммуникацион технологитæ;
- æнæниздзинад хъахъхъæныны технологитæ;

- бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;
- коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
- проектон-иртасæн технологитæ.

**Скъоладзаутæ хъуамæ зоной æмæ арæхсой:**

**Ныхас кæнынимæ баст архæйдтытæ:**

**Хъусын:**

тексты хъуыды раст æмбарын,

сæ жанртæм гæсгæ алыхуызон текстты информаци иртасын,

тексты сæйраг хъуыды, йæ аразæг хæйттæ иртасын.

**Кæсын:**

- раст æмæ аив кæсын;
- тексты ссарын сæйраг æмæ уæлæмхасæн информаци;
- текст хæйттыл адих кæнын, хæйттæм гæсгæ текстæн пълан бацæттæ кæнын;
- бакаст текстмæ гæсгæ лæвæрд фæрстытæн дзуапп дæттын;
- текст кæсгæйæ дзы хъæугæ информаци ссарын;
- тексты æмæ параграфы сæргондмæ базонын, ныхас дзы цæуыл цæудзæн, уый;
- дзырдуаты хъæугæ æрмæг ссарны;
- логикон цавд раст æвæрын, паудзæтæ раст кæнын;
- текст раст хъæлæсы уагæй кæсын.

**Дзурын:**

- ахуыргæнæджы фарстæн дзуапп дæттын;
- бакаст текст бæлвырдæй кæнæ æлвæстæй раргом кæнын, тексты хуыз бахъахъхъæнгæйæ;
- дзургæ ныхас раст аразын, хъуыды раст æргом кæнын;

- æвзаджы мадзæлттæй æмæ интонацийæ раст пайда кæнгæйæ хи хъуыдытæ раст æргом кæнын.

Спайдагонд æрмæг:

| № | Ахуыргæнæн æмæ методикон æрмæг. | Автор | Рауагъдад |
|---|---|---|---|
| 1 | Ирон литературæ хрестамати 7-м къл. | Гæздæрты А., Дзапарты З. | Дзæуджыхъæу:Ир 2014. |
| 2 | Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæ 1-11 къл. | | Дзæуджыхъæу-2005. |
| 3 | Уæлæмхасæн æрмæг (мысинæгтæ) ирон литературæйы уроктæм. | Уалыты Татьянæ. | Дзæуджыхъæу 2011. |
| 4 | Уæлæмхасæн æрмæг (удварны хæзнатæ) ирон литературæйы уроктæм. | Уалыты Татьянæ. | Дзæуджыхъæу 2010. |
| 5 | Ирон литературæ сывæллæттæн. | Уалыты Татьянæ. | Дзæуджыхъæу; Ир. 2010. |
| 6 | Ирон алæмæты аргъæутты æнæивгæ поэтикон структурæ. | Асаты Наталья. | Дзæуджыхъæу-2011. |
| 7 | Алыхуызон дзырдуæттæ. | | |
| | | | |

# ТЕМАТИКОН ПЪЛАН ИРОН ЛИТЕРАТУРӔЙӔ 7-ӔМ КЪЛАСӔН.

Программæмæ гæсгæ – 68 сах.

Уацмыстæ ахуыр кæнынæн –

Ныхасы рæзтæн – 6

Фæсурокты бакаст литературæйыл беседæтæн – 4

фæлхат кæнынæн – 1

НЫХАСЫ РӔЗТ

ДЗУРГӔ НЫХАСЫ РӔЗТ

Аивадон, наукон-популярон æмæ публицистоикон тексттæ хъæрæй тагъд кæсын. Аивадон уацмыстæ кæнæ уацмыстæй скъуыддзæгтæ наизусть аив кæсын. Уацмысты мидис фæрстытæм гæсгæ дзурын. Фарстæн уæрæх дзуапп раттын, литературон хъайтарæн характеристикæ раттынмæ арæхсын.

Дзургæ ныхасæй æрфыст аразын. Аивадон уацмыстæй инсценировкæтæ раттынмæ аразын. Аргъ скæнын зонын бакаст литературон уацмысæн, нывæн, киноныв кæнæ телевизион равдыстæн.

ФЫСГӔ НЫХАСЫ РӔЗТ

Этикон уацмысæй кæнæ уацмысæй скъуыддзагæй изложени ныффыссын. Программон уацмысмæ гæсгæ сочинени фыссын. Вазыгджын æмæ хуымæтæг пълан аразын этикон уацмысмæ, кæнæ та этикон уацмысæй скъуыддзагмæ. Фысгæ аргъ скæнын, кæй бакастысты, уыцы литературон уацмысæн, кинонывæн.

Сочинени – æрфыст æрдзы, райгуырæн хъæуы, горæты, уынджы тыххæй.

| **Сæргонд (хай)** | **Сах æттæ** | **Уро ктæ** | **Урочы темæ.** | **Лит-йы теори** | **Ныхасы рæзт** | **Фæлхат** | **Хибарæй каст** | **Ным æц (къæл индар он пъла н)** | **Факт.** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Разныхас | 1 | 1 | Адæмон сфæлдыстад | Цы у фольклор | Мидис дзурын | Нарты кадджытæ | «Нарты кадджытæ» | | |
| Нарты эпос. | 2 | 1 | «Батрадз æмæ сохъыр уæйыг Æфсæрон фырт Алæф». | Эпосы тыххæй æмбарынад | Аив каст. Мидис дзурын. | Нарты кадджытæ | «Нарты кадджытæ» | | |
| | | 1 | «Сослан-тыхагур» | | Батрадзы фæлгонц кадæджы. | | | | |
| Таурæгътæ. | 6 | 1 | Кодзырты Таймураз. Таурæгъы конфликт | историон таурæгъ | Ирон мады æгъдау. | | Таймуразы зарæг. | | |
| | | 1 | Ларс æмæ Хуха. | | Æфсымæрты лæгдзинад. | | Цæлыккаты А. куыст адæмон сфæлдыстадыл. | | |
| | | 4 | Санаты Уари. «Бæтæйы фырттæ». | Фольклорон æмæ литературон таурæгъ | Будзи æмæ Аслæмбеджы фæлгонц. | | Бæтæйы фыртты зарæг. | | |
| | | 1 | «Фæндыр куыд фæзынди» | | Аив каст. Сырдоны фæлгонц | Нарты кадджытæ | Сырдоны хабæрттæ. | | |
| Хетæгкаты Къоста | 4 | 1 | Къостайы цард æмæ сфæлдыстад. | | Наизусть | Къостайы æмдз-тæ | «Ирон фæндыр». | | |
| | | 3 | «Хъуыбады», «Ныфс», «Æнæ хай», «Тæхуды», «Лермонтовы цырты цур». | Пейзаж. Уацмысы композици | Наизусть. Аив каст. | «Ирон фæндыр» | Къостайы уырыссаг æмдз-тæ. М.Ю. Лермонтовы цырты раз. | | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Фæлхат | 1 | 1 | Викторинæ: «Куыд зонынц Къостайы поэзи». | | | | | | |
| Ныхасы рæзт | 2 | 2 | «Сочинени: Хъуыбадыйы фæлгонц». | | | | | | |
| Гæдиаты Секъа | 2 | 1 | Гæдиаты Секъайы цард æмæ сфæлдыстад. | | Скъуыддзаг аив кæсын. | | | | |
| | | 1 | «Арагуийы Ерыстау æлдар» | Таурæгъон ныхас æмæ æрфыст. | Аив каст. Æлдары фæлгонц. | | Секъайы радзырдтæ «Саударæг ус». | | |
| Фæсурокты каст | 1 | 1 | Секъайы радзырдтæ «Саударæг ус». | | | | | | |
| Ныхасы рæзт. | 2 | 2 | Секъайы радзырдтæй скъуыддзагæй изложени ныффыссын. | | | | | | |
| Тугъанты Батырбег | 1 | 1 | Бæхдавæг | | Уацмысы гуманистон хъуыдытæ | | | | |
| Гаглойты Рутен | 1 | 1 | Цард. | | Æнæнысан цард-фыдзæрдæгæнæг. | | | | |
| Коцойты Арсен. | 3 | 1 | Арсены цард æмæ сфæлдыстад. | | | «Саломи», «Цуанонтæ». | | | |
| | | 1 | «Дадолты мæт». | Юморы тыххæй æмбарынад. | Аив каст Сюжет. | | Арсены радзырдтæ. «Фынддæс азы». | | |
| | | 1 | «Гæдыйы къах цыбыр у». | | | | | | |
| Гæдиаты Цомахъ. | 2 | 1 | Цомахъы цард æмæ сфæлдыстад. «Фæндон». | Æмдзæвгæйы композици. | Аив каст. | Цомахъы радзырд «Царды уæз». | | | |
| | | 1 | «Хуры тын», «Бæлон», «Ме' фсымæрмæ». | Абарстытæ | Наизусть | | | | |

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Нигер (Дзанайты Иван). | 2 | 1 | Нигеры цард æмæ сфæлдыстад. | Поэмæ. | Аив каст. Фæлгонцты харак-тæ. | | Нигеры æмдз-тæ. | | | |
| | | 1 | «Бадилон симд». | Поэмæ. | Аив каст. Фæлгонцты харак-тæ. | | | | | |
| Хъуылаты Созырыхъо. | 2 | 1 | «Тотрадзы зарæг». | Поэмæ. | Хуымæтæг ирон лæджы сгуыхт. | | | | | |
| | | 1 | «Муссæйы скъола». | | Хæрзгæнæг адæймаджы амонд. | | | | | |
| Хъамбердиаты Мысост. | 1 | 1 | Мысосты цардвæндаг «Чызгимæ ныхас», «Æхсæвæддæ». | Лирикæ. | Аив каст. Наизусть. | Н.р. Дзургæ. | | | | |
| Фæсурокты каст. Мамиты Геуæрги. | 1 | 1 | «Дзирасгæ». | Метафорæ | Æрфыст саразын, æрдз-царды бындур. | | | | | |
| Дзесты куыдзæг. | 2 | 1 | Куыдзæджы цард æмæ сфæлдыстад. | | | | | | | |
| | | 2 | «Хорхæссæг».<br><br>Н.р. Сочинени. | Пейзаж. | Аив каст. Мидис дзурын. | Фыссгæ н.р. | | | | |
| Фæрнион Къоста. | 2 | 2 | Фæрнионы цардæрфыст. «Хъæбатыр Цæргæс». | | Дзæрæхохты Х.М. сгуыхтытæ. | | Нафи «Æртындæс коммунары». | | | |
| Мамсыраты Дæбе. | 2 | 1 | Дæбейы цард æмæ сфæлдыстад. | | | | | | | |
| | | 1 | «Цыт». | Литер-он хъайтар. | Цола æмæ Дзынгайы фæлгонц. | Дæбе. «Фыццаг къахдзæф». | | | | |
| Кочысаты Мухарбег. | 2 | 2 | «Хъама», «Адæмы маст». | Рифмæ. | Поэты ныфс æмæ оптимизм. | | | | | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Калоты Хазби. | 1 | 1 | «Кард», «Фæстаг салам». | | Наизусть | Хæстон поэзи. | | | |
| Дзадтиаты Тотырбег. | 2 | 2 | Тотырбеджы цардæй фыст. «Уæлдæфы-ирон чызг». | | Мидис, сюжет. | | «Æз тигр дæн». | | |
| Гафез (Гаглойты Федыр). | 1 | 1 | Гафезы царды хабæрттæ «Зарæг цæрæнбоныл». | Монолог. | Салдаты фæлгонц. | | Гафез. «Хæхты чызг». | | |
| Дзаболаты Хазби | 1 | 1 | Хазбийы цардæрфыст. «Фашисттæ æхсынц Пушкины». | | | | Хæстон поэзи. | | |
| Фæсурокты каст. | 1 | 1 | «Хорзæй баззай, Ир». Хæстон поэзи. | | | | | | |
| Плиты Грис. | 2 | 2 | Грисы цард æмæ сфæлдыстад. «Мад». | Лирикæ. | Мады фæлгонц | | Грис. «Атакæ». | | |
| Фæсурокты каст. | 1 | 1 | Грис. «Атакæ». | | Аив каст. Афæлгæст. | | | | |
| Букуылты Алыкси | 2 | 2 | Алыксийы цардæрфыст. «Æвдадзы хос». | | Радзырды мидис. | | | | |
| Цæрукъаты Алыксандр. | 1 | 1 | Алыксандры цардæрфыст. «Гъе-уæдæй куы зонын, Фыдыбæстæ, дæу». | | Аив каст. Æмдз-йы мидис. | | Алыксандыры æмдз-тæ. | | |
| Хъайттаты Сергей | 1 | 1 | «Ирæд». | | Хистæры бынат бинонты царды. | | Хъайтаты С. «Саударæг усы маст». | | |
| Тетцойты Таймураз. | 1 | 1 | «Мæ Дигори мæйрохс», «Мæ гъæу». | | | | | | |
| Хъайтыхъты Азæмæт | 1 | 1 | «Ус богал» | | | | | | |
| Хъодзаты Æхсар. | 1 | 1 | «Къостайы хæдзар», «Хъæр мæрдтæм» | Символ. | | | | | |
| Дзасохты Музафер | 2 | 1 | «Къостайы миднылхас» | | Зонд-æнамонды хос | | | | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | «Бæхы цæссыгтæ» | | Бæх æмæ адæймаджы удхæстæгдзинад | | | | |
| Малиты Васо. | 1 | 1 | «Скифтæ», «Дыуустæ бæласы». | Сидæн | | | Темырхъаны С. «Иры истори». | | |
| Джыккайты Шамил. | 2 | 1 | «Мад». | | | | | | |
| | | 1 | «Дауыт Сосланы хъынцъым». | | | | | | |
| Ходы Камал. | 1 | 1 | «Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц», «Рагон нырыккон зарæг». | | | | | | |
| Хаджеты Таймураз. | 1 | 1 | «Мæ рох къуым», «Ирыстонмæ». | | | | | | |